

Pou Piblikasyon Imedya: 08/01/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 45 MILYON DOLA POU MODÈNIZE AK AGRANDI LOJMAN ABÒDAB NAN GENEVA

*Investisman an pral Amenaje ak Prezève Abòdabilite Alontèm 215 Kay ki sou
Direksyon Otorite Lojman Geneva a*

*Investisman an ap Konplemanje Inisyativ “Finger Lakes Forward” lan – ki se
Estrateji Global Rejyon an pou Revitalize Kominote yo ak Devlope Ekonomi an*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse 45 milyon dola finansman pou modènize ak prezève 215 kay abòdab ki sou direksyon Otorite Lojman Geneva a (Geneva Housing Authority, GHA). Akò finansman an fè pati efò Eta a ap fè pou l revitalize lojman federal piblik yo epi pwoteje abòdabilite alontèm atravè pwogram Demonstrasyon Asistans Lwaye (Rental Assistance Demonstration, RAD) Depatman Lojman ak Devlopman Iben an (Department of Housing and Urban Development, HUD), sa k ap pèmèt otorite lojman an jwenn aksè a finansman prive pou yo ka reyini kapital yo bezwen yo.

“Okenn fanmi pa ta dwe ap plede pè pèdi kay yo epi nou pran angajman pou nou asire lojman piblik ki genyen toupatoù atravè eta a yo satisfè bezwen tout Nouyòkè yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Lè nou revitalize ak prezève plis pase 200 kay nan Geneva, nou ap investi nan avni fanmi yo sèvi yo epi konstwi yon kominote ki pi solid pou nou ka vanse inisyativ Finger Lakes Forward la.”

“Gwo investisman sa a n ap fè pou nou agrandi lojman abòdab nan Geneva a pral asire prezèvasyon lojman sipèvize pou moun ak fanmi ki nan zòn lan yo”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Pwojè Otorite Lojman an pral pèmèt 215 inite rete abòdab pou rezidan yo epi y ap pèmèt yo fè modènizasyon nan etablisman lojman piblik la. Akò a fè pati efò agresif nou ap fè pou nou devlope ak retni lojman abòdab isit la epi kontinye fè vanse ekonomi rejyon Finger Lakes la vè lavan.”

Konplèks apatman Elmcrest Senior Apartments ak Courtyard Apartments ke yo te konstwi nan ane 1960 yo—epi ki genyen 199 apatman ototal la—pral sibi anpil gran renovasyon. Pwojè a gen ladan tou transfòmasyon ansyen Lekòl St. Francis de Sales la pou l vin tounen yon konplèks k ap gen 16 nouvo kay ki nan yon pri abòdab. Otorite Lojman Geneva a pral kontinye jere pwopriyete sa yo.

Nan konplèks apatman Elmcrest Senior Apartments ak Courtyard Apartments lan yo, yo pral fè modènizasyon nan kizin ak nan sal deben yo, nan enstalasyon elektrik ak plonbri yo, y ap fè amelyorasyon nan asansè yo, enstale nouvo twati ak izolasyon,

nouvo fenèt, ansanm ak amenajman nan sal kominotè yo, nan peyizaj lakou yo ak nan espas estasyonman yo.

Yo pral prezève ak transfòme ansyen Lekòl St. Francis de Sales la ke yo te premye konstwi an 1823 a, pou l vin tounen yon konplèks apatman k ap gen 16 apatman ki gen yon chanm akouche pou granmoun aje yo. Tout renovasyon k ap fèt nan etablisman sa a pral pwoteje achitekti orijinal la pou yo ka satisfè egzijans prezèvasyon istorik eta ak federal la yo.

Toule twa pwopriyete sa yo pral sibi amelyorasyon nan efikasite enèjetik k ap gen ladan aparèy elektwonik ki gen etikèt Energy Star yo, ekleraj enteryè ak eksteryè ki itilize limyè dyòd liminez (LED), kòmand limyè ki gen detektè mouvman, ak robinè ak twalèt a debi redwi.

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kominote ak Kay yo (Homes and Community Renewal, HCR), te deklare, “Envestisman sa a pral amelyore kalite lavi 215 granmoun aje ak fanmi nan Geneva. Plan lojman 20 milya dola Gouvènè Cuomo a ap pote envestisman piblik ak prive lojman piblik toupatou atravè eta a yo byen bezwen pou prezève sous lojman abòdab enpòtan sa a pou Nouyòkè yo. Lè nou prezève ak modènize kay sa yo pou jenerasyon k ap vini yo, nou ap konstwi yon ekonomi ki pi solid nan Geneva a epi n ap kontinye fè rejyon Finger Lakes la vanse vè lavan”.

Brian M. Kolb, ki se Lidè Minorite Asanble a, te deklare, “Sa a se yon pwojè pwometè ki pral elve kalite lavi granmoun aje ki nan kominote nou an yo, pandan n ap ofri yon elan ke ekonomi lokal la ap byen apresye. Envestisman 45 milyon dola sa a ap voye yon mesaj fèm ki di n ap ofri akomodasyon ak sipò ke sila ki gen bezwen lojman abòdab yo merite. Felisitasyon a Otorite Lojman Geneva a ak tout moun ki te patisipe nan devlopman ak egzekisyon inisyativ enpòtan sa a”.

Senatè Pam Helming te deklare, “Lojman ki an sekirite ak abòdab esansyèl nan reyisit kominote nou an. Pwojè sa a pral ede amelyore opsyon lojman yo alafwa pou fanmi yo ak pou granmoun aje yo. Siksè biznis k ap kreye djòb nou yo depann an tout premye lye de siksè fanmi nou yo ak kominote nou yo ki bezwen lojman ki abòdab, ak fyab pou yo ka devlope ak pwospere. Envestisman sa a HCR a ap fè a se yon envestisman enpòtan, ki trè pwometè pou Geneva paske li pral pèmèt Otorite Lojman an renove ak amelyore plis pase 200 apatman. Pwojè tankou pwojè sa a ap ede estimile devlopman ekonomik ak kreyasyon djòb. Mwen atann pou m kontinye travay ak HCR ansanm ak Otorite Lojman Geneva a onon rejyon nou an”.

Envestisman sa a k ap fèt nan Otorite Lojman Geneva ap konplèman inisyativ Finger Lakes Forward la – ki se plan direktè global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ak devlopman kominotè solid – atravè prezèvasyon lojman piblik yo ak agrandisman opòtinite lojman abòdab yo. Depi 2011, HCR te deja envesti 442 milyon dola nan Rejyon Finger Lakes la ki te kreye lojman ki nan yon pri abòdab pou anviwon 14,650 rezidan.

Ekip Devlopman an te gen ladan Kòporasyon Devlopman Kominote Finger Lakes la (Finger Lakes Community Development Corporation) ki sou kontwòl GHA a ak 3d

Development Group, LLC. Bank of America se patnè ki bay kapital pwòp yo epi Resetarits Construction nan West Seneca, NY se kontraktan jeneral la.

Finansman Divizyon Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la gen ladan 4.2 milyon dola sou fòm obligasyon ki san enpo, Kredi Enpo Federal pou Lojman pou Moun ki gen Revni Fèb yo (Low-Income Housing Tax Credits), ki pral jenere 17.5 milyon dola kapital pwòp ototal pou pwojè a, ak 15.4 milyon dola adisyonèl nan sibvansyon HCR. Finansman adisyonèl yo gen ladan 1.8 milyon dola nan Kredi Enpo Istori Eta ak Federal (Federal and State Historic Tax Credit) sou fòm kapital pwòp. Y ap finanse toule 215 apatman yo nan kad yon nouvo Peman pou Asistans Lojman Seksyon 8 Selon Pwojè a (Project-Based Section 8 Housing Assistance Payment) atravè pwogram RAD HUD la.

Investisman sa a reflekte angajman Eta a pran pou l bay tout Nouyòkè yo aksè a lojman sekirite nan yon pri abòdab la reflekte nan Plan Lojman san presedan 20 milya dola sou senk ane a ke Eta a genyen an. Plan an ap rann lojman aksesib epi konbat pwoblèm sanzabri a lè yo konstwi ak prezève plis pase 100,000 inite lojman ki nan yon pri abòdab ak 6,000 inite lojman sipèvize. Plan an se yon apwòch global pou abòde pwoblèm lojman toupatou atravè eta a epi li gen ladan devlopman lojman kominote kolektif ak pou yon sèl fanmi, ak estabilizasyon lwaye.

Akselerasyon pwogram “Finger Lakes Forward”

Anons jodi a vin konplete pwogram “Finger Lakes Forward”, ki se plan konplè reyon an pou jenere kwasans ekonomik djanm ak devlopman kominote. Eta a te investi deja plis pase 6.1 milya dola nan reyon an depi ane 2012 la pou reyalize travay preparatwa pou plan – lè li investi nan endistri kle yo ki gen ladan yo fotonik, agrikilti ak pwodiksyon pwodwi alimantè, ansanm ak manifakti avanse. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi anvan Gwo Resesyon an; taks revni pèsonèl ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Rochester, Batavia ak Canandaigua kòm destinasyon pou devlope epi investi.

Kounye a, reyon an ap akselere ak pwogram “Finger Lakes Forward” la ak yon investisman 500 milyon dola Eta a te fè atravè Inisyativ Revitalizasyon Reyon Nò Eta a, ke Gouvènè Cuomo te anonse an Desanm 2015 lan. Investisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – e plan reyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 8,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)